

Ou fin enskri pou lekòl kounyeya...

Kisa ki vin Apre?

Nou di ou mèsi poutèt ou enskri pitit ou a nan Lekòl Piblik Boston (BPS) pou lane lekòl 2011-2012 lan. Nou konplimante ou pou pa enpòtan sa a ou fè nan aktivite chwazi lekòl ou a!

Aprè ou fin enskri, li enpòtan pou ou konprann kisa k ap rive apre.

1. **Konsève kopi aplikasyon sa ou te soumèt la.** Ou ka bezwen tounen ladan li pita pou ou verifye dat enskripsyon an, lekòl sa ou te chwazi yo, oubyen non moun ki te ede ou fè demach yo.
2. **Pòte lakay ou yon kopi ti livrè "Introducing the Boston Public Schools 2011" lan.** Konsève enfòmasyon ki nan piblikasyon sa yo soulamen pandan tout lane lekòl lan. Gen anpil resous itil tankou nimewo telefòn enpòtan, eksplikasyon detaye sou aktivite plasman epi enfòmasyon konsènan chak lekòl.
3. **Siveye nouvèl konsènan plasman pitit ou an nan yon lekòl.** Nouvèl sou ki lekòl yo voye pitit ou a pou septanm 2011 ap rive pa lapòs nan apeprè 6 semèn aprè nou fèmen peryòd enskripsyon yo.

Si ou te enskri nan dat...	N ap voye repons pou ou...
4 janvyè - 4 fevriye 2011	Mitan mwa mas 2011
9 fevriye - 25 mas 2011	Kòmanman mwa me 2011
28 mas - 13 me 2011	Mitan mwa jen 2011
16 me - 10 jen 2011	Mitan mwa jiyè 2011
Aprè 10 jen 2011	Lè nou fè plasman an ka varye

Men kisa plasman an (assignment) pral gen ladan l:

- Lekòl kote nou plase pitit ou a, avèk adrès li epi orè klas li yo tou pou lane pwochèn.
- Elijibilite pou transpò - menm si pitit ou an pral genyen (ou pa pral genyen) transpò pou lekòl kote n plase l lan. (Nan fen mwa dawout, n ap poste pou fanmi yo plis enfòmasyon konsènan transpò ak wout otobis jòn lekòl yo. Si ou gen kesyon, rele 617-635-9046 oubyen 617-635-9520.)
- Si sa aplikab, tout lekòl kote nou plase pitit ou an sou lisdatant lan (gade lòt bò paj sa a).

Si nou pa plase pitit ou an nan youn nan lekòl sa ou te chwazi yo:

- Elèv klas 1-12 epi tout elèv kindègadenn ki pral gen laj 6 zan ou plis pase 6 zan nan dat 31 Desanm 2011 pral plase otomatikman nan yon lekòl ki gen plas bò lakay yo.
- Elèv kindègadenn ki gen laj 5 lane ou pi jenn pase sa anvan 31 Desanm 2011 pa pral plase nan okenn lekòl ou pat chwazi. Ti moun sa yo pap plase nan lekòl jiskaske fanmi yo fè lòt chwa nan lis lekòl ki gen plas disponib. (Li sou lòt bò paj lan "Kisa pou m fè pou m chwazi lòt lekòl?")

Retounen fòmilè "RSVP" la. Tout elèv ki jwenn plas nou yon nouvo lekòl ap resevwa yon fòmilè RSVP. Si ou konnen pitit ou pa pral vin nan Lekòl piblik Boston an septanm, tanpri siyen epi retounen fòmilè RSVP la dekwa pou nou ka bay yon lòt elèv ki nan lisdatant plas la. Ou ka sèvi ak fòmilè RSVP la tou pou di nou si ou vle non pitit ou rete sou lisdatant pou yon lòt lekòl.

4. **Pare pou kòmanse lekòl!** Ane lekòl la ap kòmanse jedi 8 septanm 2011 pou elèv ki nan klas 1-12 epi lendi 12 septanm 2011, pou tout timoun ki nan kindergarten. Direktè lekòl pitit ou pral kontakte ou pou ba ou plis enfòmasyon sou lè vizit ak lòt opòtinite ki genyen pou yo resevwa fanmi yo pami kominote lekòl la.

Osiyè lisdatant (*About wait lists*)...

- Si nou pa plase pitit ou a nan okenn lekòl ou chwazi a, nou ka plase l nan jiska twa lisdatant. Si ou ta prefere retire non pitit ou a nan yon lisdatant epi mete li nan yon lòt lis, tanpri ale nan Sant Resous pou Lafanmi epi mande pou ou ranpli yon fòmilè "Wait List Action Request Form."
- Nou baze plas pitit ou a sou yon lisdatant selon priyorite li pou lekòl la, nimewo timoun lan lotri pa aza, epi peryòd nou te ranpli aplikasyon pou enskripsyon an.
- Si nou jwenn plas, n ap kontinye otomatikman fè transfè elèv sou lisdatant yo nan lekòl jiska mitan mwa dawout. Aprè tan sa a, n ap pran kontak avèk ou anvan nou transfere timoun nan nan yon lekòl epi ou ap gen 24 èdtan pou konfime enterè ou pou plas la. Si ou satisfè ak kote nou plase pitit ou a kounyeya epi ou pa bezwen nou kontinye kenbe non pitit ou a sou lisdatant, nou priye ou ranpli fòmilè RSVP an oubyen pran kontak ak yon Sant Resous pou Lafanmi pou mande pou n retire non pitit ou sou lisdatant lan.
- Nenpòt elèv k ap viv nan Vil Boston kapab rete sou yon lisdatant menm aprè lane lekòl la kòmanse, menm si elèv lan anwole (ou pa anwole) nan Lekòl Piblik Boston yo.
- Lis datant yo ap fèmen nan finisman mwa Janvye 2012.

Kesyon...

Kisa pou m fè pou m chwazi lòt lekòl?

Aprè ou fin resevwa avi sou plasman pitit ou an, ou ka retounen nan yon Sant Resous pou Lafanmi (FRC) pou ou chwazi yon lòt lekòl, menmsi pitit ou a jwenn plasman nan youn nan lekòl ou te chwazi yo. Sepandan, n ap fè ou konnen pa gen garanti ou pral jwenn plas nan lòt lekòl nouvo sa ou renmen yo.

E si m demenaje ale rete nan yon lòt kay aprè m te soumèt aplikasyon pou enskripsyon an?

Si ou bwote ale rete nan yon lòt adrès, fè n konnen tousuit, pou ou ka resevwa enfòmasyon enpòtan n ap poste pou ou yo. Pou n ka konnen nouvo adrès ou an, vizite nenpòt Sant Resous pou Lafanmi avèk omwens twa prèv akseptab pou adrès nouvo ou a. Pou detay sou règleman rezidans (Residency Policy) telefone Sant Resous pou Lafanmi oubyen vizite www.bostonpublicschools.org/residency. Si nouvo adrès ou a nan yon lòt zòn plasman tou, nou ka mande ou pou ou chwazi lòt lekòl. Si yon fanmi bwote kite "City Boston" lan konplètman, timoun nan fanmi sa a pap ka kontinye frekante Lekòl Piblik Boston.

Ou bezwen Koutmen? Vizite oswa telefone nenpòt Sant Resous pou Lafanmi:

Zòn Lès	1216 Dorchester Avenue, Dorchester	617-635-8015
Zòn Nò	55 Malcolm X Boulevard, Roxbury	617-635-9010
Zòn Lwès	515 Hyde Park Avenue, Roslindale	617-635-8040

Entènèt: www.bostonpublicschools.org/register/

